



Bill de Blasio
Mayor

Human Resources
Administration
Department of
Social Services
Steven Banks
Commissioner

Department of
Homeless Services

KESYON MOUN POZE SOUVAN KONSÈNAN PATHWAY HOME

1. Kisa "Pathway Home" ye?

Pathway Home se yon pwogram Minisipalite Vil la ki pèmèt fanmi ak moun ki te nan ebèjman pandan omwen 90 jou, **OSWA** ki te gen referans pou CITYFEPS oswa SEPS, pou chèche kay pa yo pandan y ap viv avèk fanmi yo oswa zanmi yo ("fanmi dakèy"). Minisipalite Vil la pral voye ba fanmi dakèy yon peman chak mwa pandan tout tan kliyan an ap viv nan kay li.

2. Kijan pou mwen aplike pou Pathway Home?

Pale avèk manadjè dosye ou oswa espesyalis lojman ou pou jwenn yon fòm aplikasyon.

3. Mwen pa kalifye pou èd lajan kach. Èske mwen ka aplike pou Pathway Home?

Depi yon moun nan fanmi ou resevwa èd lajan kach, ou ka aplike pou **Pathway Home**. Peman pa mwa pou fanmi dakèy lan ap baze sou kantite moun ki nan fanmi ou epi ki gen yon kondisyon imigrasyon admisib.

4. Kisa pou mwen fè si mwen deja gen yon kupon LINC oswa referans CITYFEPS oswa SEPS. Èske mwen kapab aplike pou Pathway Home oswa èske mwen pral pèdi kupon an?

Si ou kalifye nan moman an pou LINC, CITYFEPS, oswa SEPS, pandan ou nan Pathway Home, ou pa pral pèdi kalifikasyon ou pou w pou ale nan pwòp apatman ou ak asistans pri lwaye Minisipalite a. Lè ou jwenn yon apatman, pran yon randevou avèk HOMEBASE, epi manm pèsonèl la ap verifye si ou kalifye epitou l ap ede ou prepare dokiman administratif nesèsè yo pou tranzisyon nan apatman pa ou.

5. Mwen pa gen LINC, CITYFEPS, ni SEPS. Èske mwen kapab demenaje avèk Pathway Home?

Wi. Tout fanmi ki te nan ebèjman pandan omwen 90 jou kapab aplike pou Pathway Home.

6. Ki kotizasyon kliyan an ap fè pou Pathway Home?

Pa gen kotizasyon kliyan. Lè ou jwenn apatman ou, si ou nan yon pwogram, w ap resevwa avi konsènan kotizasyon ou dwe fè chak mwa.

7. Èske m ap resevwa nenpòt lajan avèk Pathway Home?

Oumenm ak fanmi dakèy an lap resevwa nou chak yon chèk-kado \$500. Answit, fanmi dakèy an ap resevwa yon peman chak mwa dapre kantite èd lajan kach ou, moun ki nan fanmi ou **ak** si fanmi dakèy lan resevwa oswa pa resevwa èd lajan kach. Peman yo ap fèt pandan apeprè 12 mwa.

Peman pa Mwa pou Fanmi Dakèy - <u>Ki P AP</u> Resevwa Èd Lajan Kach			
Èd Lajan Kach	1 oswa 2 moun	3 oswa 4 moun	5 moun oswa plis
Kantite Lajan Peman pa Mwa	\$1200	\$1500	\$1800

Peman pa Mwa pou Fanmi Dakèy - <u>K ap</u> Resevwa Èd Lajan Kach
Minisipalite Vil la pral peye diferans ant alokasyon pou ebèjman fanmi dakèy lan ak obligasyon pou peye lwaye a chak mwa. Kantite lajan sa a ap diferan pou chak fanmi dakèy, men li pa kapab depase limit kantite lajan ki endike anwo a.

Gen restriksyon anplis ki aplikab si rezidans fanmi ki ba w akèy la gen pri lwaye ki estabilize oswa pri lwaye ki kontwole.

8. Kilè mwen pral resevwa chèk-kado nou yo?

Lè ou resevwa lèt kalifikasyon ou pou Pathway Home, w ap resevwa yon referans pou ale nan HOMEBASE. Oumenm ak fanmi dakèy ou an ap bezwen pran yon randevou pou admisyon nan yon biwo HOMEBASE.

Ou dwe pote dokiman ki endike anba la yo nan randevou ou avèk HOMEBASE:

- a. Referans pou Pathway Home
- b. Idantifikasyon pou chak moun ki nan fanmi ou
- c. Prèv revni pou chak moun nan fanmi ou k ap travay (dènye souch chèk peman ki date 30 jou anvan randevou avèk HOMEBASE)
- d. Si ou touche SSI/SSD, pote lèt rekonpans SSI/SSD ou (ki date nan dènye ane a)

Fanmi dakèy lan dwe pote dokiman ki endike anba la yo nan randevou a avèk HOMEBASE:

- a. Kat ID ki gen Foto
- b. Prèv adrès yo tankou youn nan sa yo:
 - i. Dènye kontra lwaye lokatè a ak mèt kay la/biwo jesyon an siyen ak date
 - ii. Akò tout moun ki konsène yo siyen ak date pou abite nan apatman an
 - iii. Lèt ki notarye yon lòt moun tyè bay

Aprè oumenm ak fanmi dakèy lan soumèt dokiman ki apwopriye yo, nou chak ap resevwa yon chèk-kado \$500. Si ou pa gen tout dokiman ki endike yo HOMEBASE ap toujou rankontre avèk ou epi y ap ede ou jwenn yo.

9. Kijan fanmi dakèy mwen an pral touche?

Minisipalite Vil la pral peye fanmi dakèy ou a chak mwa pou jiska 12 mwa depi ou kontinye rete nan kay la. Si oumenm oswa fanmi dakèy la gen nenpòt kesyon sou peman an apre ou soti nan chèltè a, rele nimewo (929) 221-0043.

10. Èske gen alokasyon HRA pou mèn ki disponib pou kliyan yo ak Pathway Home?

Non, ou p ap resevwa yon alokasyon pou mèn.

11. Konbyen tan pwogram Pathway Home lan ap dire?

Minisipalite Vil la pral fè peman yo ba fanmi dakèy lan pandan apeprè 12 mwa. Pandan 12 mwa sa yo, ou ta dwe chèche kay pou rete yon fason pou ou kapab ale nan apatman pa ou.

12. Kisa k ap pase si mwen pa jwenn yon apatman apre 12 mwa?

Si ou pa jwenn yon apatman apre 12 mwa, ou kapab pran yon randevou avèk HOMEBASE pou evalye opsyon lojman ou genyen.

13. Zanmi mwen p ap viv nan youn nan senk (5) minisipalite yo, men li di pitit gason mwen ak mwen kapab vin abite avèk li. Èske mwen kapab demenaje avèk pwogram Pathway Home epi kontinye chèche yon apatman LINC, CITYFEPS, oswa SEPS nan Vil la?

Non. Pathway Home pa kapab deyò senk (5) minisipalite yo. Sepandan, si ou te idantifye yon kote pou ou rete deyò senk (5) minisipalite yo, tanpri di nou sa epi n a gade pou wè si gen nenpòt asistans nou kapab ba ou.

Kesyon ki Konsène Fanmi Dakèy lan

14. Èske yo pral fè yon enspeksyon obligatwaman?

Wi, anplwaye DHS yo ap fè yon enspeksyon sou Sekirite Lavi ak gade si pa gen twòp moun nan kay fanmi dakèy la. Enspektè DHS yo pral evalye yon apatman pou detèmine si yo satisfè sèten estanda, tankou si fenèt yo travay ak nan bon kondisyon, si gen dlo potab cho ak frèt, si gen fil ki dekale, si detektè lafimen ak monoksid kabòn yo enstale epi yo mache byen, epi (pou fanmi ki gen timoun yo sèlman) si gen pwoteksyon pou bare fenèt yo. Rezon n ap gade si pa gen twòp moun nan kay la se pou asire kay fanmi dakèy la pa gen twòp moun lè kliyan DHS la al abite la. Nan evalyasyon an, y ap gade konbyen moun ki rete nan kay fanmi dakèy la, laj ak sèks yo, ak ki kote yo dòmi.

15. Pou kisa fanmi dakèy lan dwe ranpli yon fòm W9 IRS, epi kisa konsekans yo ye?

Fanmi dakèy lan dwe soumèt yon Fòm W9 IRS paske peman Pathway Home yo ale dirèkteman pou fanmi dakèy an epi nou konsidere revni an taksab.

16. Èske yon fanmi dakèy kapab patisipe nan Pathway Home san yo pa gen yon nimewo sekirite sosyal oswa yon nimewo idantifikasyon taks endividyèl?

Non. Pathway Home egzijè pou fanmi dakèy an ranpli yon Fòm W9 IRS, pou yo bay swa yon nimewo sekirite sosyal oswa yon nimewo idantifikasyon taks endividyèl. Poutèt sa, nou p ap apwouve yon fanmi dakèy ki pa gen yon nimewo sekirite sosyal oswa yon nimewo idantifikasyon taks endividyèl pou pwogram nan.

17. Pou kisa yon dechaj ACS ak verifikasyon nan rejis delenkan seksyèl obligatwa pou tout manm adilt ki nan fanmi dakèy an?

Sa a se sèlman pou fanmi ki gen timoun. DHS gen enkyetid sou sekirite fanmi yo ak pitit yo, epi n ap bay yon otorizasyon ACS, lè nou jwenn konsantman tout manm adilt fanmi dakèy lan, epi nou fè verifikasyon nan rejis delenkan seksyèl. Fanmi dakèy lan p ap gen obligasyon pou gen yon dosye aktif ACS akòz otorizasyon ACS la. Otorizasyon sa yo pral ede DHS detèmine si kay fanmi dakèy la san danje ak apwopriye.

18. Kisa k ap pase si yon manm fanmi dakèy an pa dakò pou yo bay yon otorizasyon ACS oswa pou fè verifikasyon nan rejis delenkan seksyèl?

Verifikasyon sa yo se sèlman pou fanmi ki gen timoun. Rejis delenkan seksyèl se dosye piblik epi li pa bezwen konsantman yon moun. Men, si nou pa resevwa konsantman pou yon otorizasyon ACS tout manm fanmi ki gen 18 tan oswa plis nan kay fanmi dakèy la (epi pou kont tout timoun ki poko gen 18 tan), fanmi dakèy lan p ap kapab patisipe nan Pathway Home.

19. Èske mwen kapab itilize Pathway Home pou abite avèk yon fanmi dakèy ki gen yon apatman sibvansyone?

Tanpri fè nou konnen ki sibvansyon fanmi ki ka ba ou akèy lan ap resevwa. N ap verifye si Pathway Home konpatib avèk sibvansyon an.

20. Mwen gen yon zanmi ki vle sou-lwe apatman li ban mwen. Èske yo aksepte sa?

Non, fanmi dakèy lan dwe ap viv nan apatman an yon fason pou yo kapab gen yon kay ki konvnan pou Pathway Home.